



Kijan Pwogram lan Fonksyone: (Pwosesis La)

PWOSESIS PRE APWOBASYON:

- SBTA idantifye aplikan pou esponsò pou sibvansyon sa a atravè baz kliyantèl la pandan l ap itilize Evalyasyon Nimerik la
 - Konsiderasyon espesyal ki fèt pou biznis ki konsantre nan domèn amelyorasyon operasyon nimerik yo, devlopman kapasite komès anliy yo, maketin dijital, oswa angajman sou rezo sosyal yo
- SBTA pral resevwa fòmasyon pou fè Evalyasyon Nimerik la (se Aplikan pou Ti Biznis lan ki pral pase li) epi pou asiste Aplikan pou Ti Biznis lan pou l jwenn Bon Pwofesyonèl Kalifye an (yo) pou resevwa èd nan devlope kapasite nimerik li nan domèn ki bezwen plis èd la (yo)
- Aplikan an, gras ak èd esponsò SBTA an, dwe ranpli yon aplikasyon (nan Submittable) epi soumèt sa ki pi ba yo bay MGCC pou apwobasyon:
 - **Plan Devlopman Nimerik** an ki genyen ladan li yon bwouyon travay Pwofesyonèl Kalifye yo pwopoze tankou pwodui pou livre, lajan pwojè an ap koute, peryòd tan oswa lè kòmansman ak fen yo, ak paramèt reyisit klè pou evalye pwogrè ki reyalize yo nan kad pwogresyon antrepriz yo an
 - **Aplikasyon Ranpli (nan Submittable)** ki reponn tout kesyon yo epi ki bay enfòmasyon sou estati biznis lan, sèvis nesèsè pou pwojè devlopman nimerik, lajan pwojè an koute, ansanm ak rezilta ki pwojete an (yo)
 - **Deklarasyon finansye ki kapab sipòte antanke prèv**
 - Yon kopi konplè (ki gen tout kategori yo) **Deklarasyon Federal Enpo w sou Biznis ki te depoze pou ane 2020 (oswa 2021 si li disponib)** jan w te soumèt li bay IRS lan. Si w te depoze yon deklarasyon revni Kategori C, tanpri ajoute dokiman sa a nan plas yon Deklarasyon Enpo sou Biznis
 - Yon kopi konplè (ki gen tout kategori yo) dènye **Deklarasyon Federal Enpo Pèsonèl ou yo (2020 oswa 2021)** jan yo dwe soumèt li bay IRS pou chak pwopriyete biznis ki gen 20% oswa plis tit pwopriyete
 - **Lòt dokiman prèv**
 - Yon kopi pwopozisyon pwojè an (yo) pou chak Pwofesyonè Kalifye ki angaje nan Plan Devlopman Nimerik lan (yo) tankou kantite travay ki gen pou fèt la, depans ki asosye yo, ak dat limit yo (kantite pwopozisyon ki nesèsè pou pwojè an)

- Yon kopi pyès idantite ki gen foto epi ki valid pwopriyetè biznis lan. Pyès idantite sa a dwe koresponn ak pwopriyetè biznis lan ki se yon siyatè otorize ki ap siyen aplikasyon sa a. Tanpri soumèt yon fotokopi pati devan ak pati dèyè pyès idantite sa a. Egzanp yo se (soumèt youn): Lisans pou kondi/kat idantite eta an bay, Paspò ameriken oswa kat, lòt pyès idantite ki gen foto epi ki valid eta an bay oswa ki federal tou
- Kopi kontra lokasyon, kontra lokasyon a diskresyon, oswa deklarasyon ipotèk pou verifikasyon biznis brikabrak, pozisyon fizik biznis ki piblik (ki pa yon bagya obligatwa pou soumèt)

PWOSESIS APWOBASYON:

- Apre aplikasyon an soumèt, Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral analize tout aplikasyon yo pou detèmine kalifikasyon.
- MGCC pral chwazi moun k ap resevwa sibvansyon yo selon kritè kalifikasyon ak priorite sou preferans.
- MGCC pral kominike apwobasyon an bay pwopriyetè ti biznis lan (aplikan an) epi bay Esponnsò SBTA an gras ak yon akò sibvansyon ki soumèt gras ak DocuSign

PWOSESIS APLIKASYON:

- Aplikan an, gras ak sipò Esponnsò SBTA an, pral kominike ansanm ak Pwofesyonèl Kalifye an (yo) konsènan apwobasyon pwojè an pou kòmanse travay kounye a menm
 - MGCC dwe apwouve aplikasyon an **anvan** travay kòmanse fèt ansanm ak Pwofesyonèl Kalifye an
- Aplikan an dwe mete l ann akò ak peryòd tan ki detaye nan Plan Devlopman an ki se yon plan Pwofesyonèl Kalifye an (yo), Pwopriyetè Ti Biznis lan, ansanm ak Esponnsò SBTA an te mete dakò sou li.
- Aplikan an pral gen jiska 90 jou pou li fini ak pwojè ki detaye an (yo) nan plan Devlopman Nimerik la. Si Aplikan an bezwen plis tan, Esponnsò SBTA an dwe mande MGCC yon ekstansyon.
- MGCC pral mande Aplikan an (Pwopriyetè Biznis lan) ranpli FÒM SÈTIFIKASYON AKONPLISMAN PWOJÈ PWOPRIYETÈ BIZNIS LAN epi an menm tan ranpli enfòmasyon kont bankè yo epi soumèt W-9 yo an.